# Шымбайлы дийқанлар қырманда мол ҳасыл топлады

Image not found or type unknown

Аўыл-хожалық тараўындағы жумыслардың сапалы жүритилиўи, дийханлардың машақатлы мийнетлери есесине район далаларында мол ҳасыл топланды.

Жәми 224 фермер хожалықтағы 5211 гектар егислик жер майданына пахта егилип, мине бүгин район фермерлери мәмлекетке пахта сатыў шәртнамасын толығы менен орынлады.

2020-жыл пахта жыйым-терим мәўсими ушын пуқта таярлық көрилип, бул бойынша системалы жумыслар әмелге асырылды. Ерте бәҳәрден тәбият ынжықлықларына өзиниң билим ҳәм тәжрийбеси, машақатлы мийнети менен егислик жер майданларына туқым сеўген дийқанлардың дақыллары жыйнап алынды.

Быйылғы жыйым-терим мапазына жумыссыз ҳәм ўақтынша бәнт болмаған халықтан ибарат терим отрядлары дүзилип, оларды мәўсимли жумысқа қабыллаўда фермер хожалығы менен пуқаралық ҳуқықый шәртнамалар дүзилди.

Усы күнге шекем дала майданында Ўатанды билим ҳәм мийнет абат қылады деген сүренди кеўлине түйип, гүмистей тер төгип, ҳадал мийнет етип, елимиз қырманына үлес қосып атырған дийқанлар ҳәм аўыл-хожалық хызметкерлерине терең миннетдаршылық билдиремиз. Дала майданында ерте бәҳәрден мийнет етип, мол ҳасыл алыўға бел байлаған дийқанларымыздың гүзги жыйым-терим мапазында нийети әмелге асты.

Район ҳәкимлиги Мәлимлеме хызмети